



Pou Piblikasyon Imedya: 26/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 38 MILYON DOLA NAN FINANSMAN POU SIPÒTE AMELYORASYON ESANSYÈL NAN ENFRASTRIKTI NAN FAKILTE AK INIVÈSITE NEW YORK YO**

***Sibvansyon yo pral ede modènize etablisman yo, amelyore eksperyans etidyan yo ak ankouraje devlopman ekonomik nan 33 fakilte ak inivèsite prive ki san bi likratif***

***Gade lis konplè sibvansyon yo [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 38 milyon dola nan gwo sibvansyon nan 33 fakilte ak inivèsite nan tout Eta New York atravè Pwogram Sibvansyon Ekivalan pou Investisman nan Edikasyon Siperyè (Higher Education Capital Matching Grant Program, HECap) a. Prim sa yo sipòte pwojè ki founi konstriksyon ak renovasyon nouvo espas laboratwa ak rechèch, acha nouvo teknoloji ak ekipman pou ansèyman ak anpil lòt gwo investisman.

"Fakilte ak inivèsite New York yo pa gen parèy, nan ofri etidyan yo opòtinite san parèy pou aprann, eksplore, epi prepare yo pou yo lanse karyè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk finansman sa a, administrasyon mwen an ap reyafime angajman nou pou bay etidyan nou yo – ki gen ladan moun ki nan enstitisyon prive nou yo, san bi likratif – avèk yon edikasyon siperyè nan New York ki gen pi bon resous ak enstalasyon posib ki pral ede yo reyisi andedan ak andeyò salklas la."

Anba lidèchip Gouvènè Hochul la, Pwogram Sibvansyon Ekivalan pou Investisman nan Edikasyon Siperyè a te pèmèt kanpis yo toupatou nan Eta a fè investisman ki enpòtan anpil nan enfrastrikti ak ekipman yo pandan y ap kreye travay nan sektè konstriksyon an.

Kanpis ki ap resevwa sibvansyon yo gen obligasyon pou yo investi omwen 3 dola ki soti nan pwòp fon pa yo pou chak 1 dola finansman Eta ke yo resevwa. Lè yo konbine ansanm ak fon ekivalan fakilte a nan pwojè sa yo, faz finansman sa a pral mennen nan investisman plis pase 152 milyon dola nan kominote edikasyon siperyè New York yo. Kantite lajan sibvansyon yo chwazi yo gen ladan:

- Long Island University (Inivèsite Long Island) (Vil New York): Konstriksyon yon laboratwa fabrikasyon jeni, 1.3 milyon dola.

- St. John's University (Inivèsite St. John) (Vil New York): Konstriksyon yon etablisman pratik baskètbòl, 3 milyon dola.
- Fordham University (Inivèsite Fordham) (Vil New York): Kreyasyon Fordham Road Community Center (Sant Kominotè Fordham), 3 milyon dola.
- Hamilton College (Fakilte Hamilton) (Clinton): Konstriksyon Hamilton Innovation Center (Sant Inovasyon Hamilton), 3 milyon dola.
- Rensselaer Polytechnic Institute (Enstiti Politeknik Rensselaer) (Troy): Renovasyon ak amelyorasyon teknolojik nan etablisman mikwoelektwonik yo, 1.9 milyon dola.
- Syracuse University (Inivèsite Syracuse) (Syracuse): Kreyasyon sant teknoloji kantik, 3 milyon dola.
- Rochester Institute of Technology (Enstiti Teknoloji Rochester) (Rochester): Renovasyon enfrastrikti elektrik, 1.5 milyon dola.
- Canisius University (Inivèsite Canisius) (Buffalo): Konstriksyon yon sant pou siksè etidyan, 1 milyon dola.

Yo te akòde fon an nan reyinyon Konsèy HECap la 26 jen epi an konfòmite ak yon pwosesis aplikasyon konpetitif. Konsèy HECap la ki gen twa manm ladan, konte yon manm Prezidan Asanble a te chwazi, yon manm Prezidan Tanporè Sena a te chwazi, ak yon twazyèm manm Gouvènè a te chwazi. DASNY aji kòm anplwaye pou Konsèy HECap la epi li administre pwogram lan. Yon lis konplè pwojè yo te akòde finansman yo disponib nan sitwèb DASNY an.

Depi kreyasyon HECap an 2005, Eta New York te bay 368.1 milyon dola nan finansman 307 pwojè nan fakilte ak inivèsite yo atravè Eta New York. Prim sa yo te mennen nan yon total 1.10 milya dola nan envestisman depi kòmansman pwogram nan.

Pwogram HECap la bay fakilte yo gwo sibvansyon ekivalan pou konsepsyon, akizasyon, konstriksyon, rekonstriksyon, reyabilitasyon oswa ekipman yon etablisman sou oswa toupre yon kanpis fakilte nan eta a, ki gen ladan enstalasyon akademik enpòtan, devlopman ekonomik ak/oswa renouvèlman pwojè teknoloji avanse ak iben ak/oswa pwojè prezèvasyon istorik ki t ap amelyore òf pwogram yo oswa lavi etidyan nan fakilte a oswa bay benefis devlopman ekonomik nan zòn ki antoure kanpis fakilte sa a.

Yo te apwouve yon demann pou aplikasyon sibvansyon pou pwochen faz konpetisyon an tou nan reyinyon Konsèy HECap la.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY, Robert J Rodriguez, te deklare,** "DASNY fyè pou l sipòte yon pwogram ki bay envestisman tanjib alontèm pou fakilte ak inivèsite ki avanse yo nan tout eta nou an. Envestisman sa yo ede ranfòse ekonomi New York pandan y ap atire ak edike etidyan ki pral ede konstwi avni New York."

**Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare,** "Pwogram Sibvansyon Ekivalan pou Envestisman nan Edikasyon Siperyè (HECap) a se yon gwo egzanp patenarya piblik-prive ki ap travay pou tout moun New York yo. Pwogram HECap la ede kanpis atravè

eta a fè investisman enpòtan nan enfrastrikti ak ekipman, pou kenbe fakilte ak inivèsite endepandan New York yo konpetitif nan nivo nasyonal ak mondyal."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Fakilte ak inivèsite prive New York yo edike plizyè santèn milye etidyan chak ane epi yo konpetitif nan nivo entènasyonal. Asire enstitisyon sa yo kapab kenbe ak atire etidyan yo, pwofesè yo, ak anplwaye yo avèk investisman enpòtan nan enfrastrikti se kle pou kenbe enskripsyon yo ak fè avanse yon edikasyon wo nivo. Antanke Prezidan Komite Edikasyon Siperyè a nan Asanble a, mwen fyè dèske m te travay ak kòlèg mwen nan Sena a, Toby Ann Stavisky ak fakilte ak inivèsite prive nou yo pou founi resous yo bezwen pou kontinye pwospere."

**Prezidan Komisyon Fakilte ak Inivèsite Endepandan (Commission on Independent Colleges and Universities) yo, Lola W. Brabham, te deklare,** "Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislati a pou sipò yo pou pwogram enpòtan sa a. HECap bay yon investisman enpòtan nan fakilte ak inivèsite endepandan, san bi likratif New York yo lè li bay sipò ki nesèsè pou amelyore etablisman akademik enpòtan yo, ankouraje devlopman ekonomik ak pwojè gwo teknoloji, epi ankouraje renouvèlman iben ak prezèvasyon istorik, pandan l ap asire ke New York rete yon lidè mondyal nan edikasyon siperyè ak inovasyon."

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram HECap la [isit la](#). Ou kapab jwenn lis konplè sibvansyon yo [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)